

Alkitab kanggo murangkalih
Nyanggakeun

Gusti Nguji
Kaasihna
Abraham



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:
Byron Unger, Lazarus
Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: M. Maillot, Tammy S.


Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin

Diproduksi ku: Bible for Children
www.M1914.org

©2023 Bible for Children, Inc.

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak
carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.





Dina hiji wengi Gusti
talatah ka Abraham
parentah anu aneh. Eta
talatah pikeun nguji
yén Abraham mikaasih
ka puterana Isak
atanapi mikaasih
ka Gusti.



"Geuwat candak Isak kanggo
kurban bakaran," Parentah
Gusti. Masrahkeun Isak?
Ngurbankeun Isak?
Ieu perkawis anu
sesdah pisan kanggo
Abraham. Anjeunna
mikaasih pisan ka
puterana.



Tapi Abraham geus diajar percanten
ka Gusti sanajan anjeunna teu
ngarti. Isuk-isuk anjeunna
angkat ka gunung kurban
kalawan Isak sarta dua laden.



Samemeh indit,
Abraham ngalaan kai
pikeun nyieun seuneu
kurban. Abraham
ngarencanakeun bade
taat ka parentah Gusti.



Tilu poe ti harita maranehna
ngadeukeutan gunung.

"Cicing di dieu," saur Abraham
ka abdi-abdina. "Kami bakal
angkat ibadah, sareng
kami bakal uih deui."




Isak mawa kai;
Abraham mawa
seuneu - jeung
pésó.




"Mana domba anu kanggo kurban teh?" Isak naroskeun. "Gusti nu bakal nyadiakeun dombana," saur Abraham.




Duanana sumping ka tempat anu dipilih ku Gusti. Di dinya, Abraham nyieun altar jeung ngatur kai pikeun ngaduruk kurban di payuneun Gusti. Abraham teh tos sababaraha kali ngawangun altar. Tapi sigana ieu altar anu pang hesena didamel.



Abraham nalian Isak tur
nempatkeun anak kaasihna dina
altar. Naha leres Abraham bakal
nurut ka Gusti jeung ngorbankeun
Isak, putrana nu hiji-hijina?





Sumuhun! Sabeulah
pésó hérang nalika
Abraham ngangkat
luhur éta peso.
Haténa meureun
geus remuk, namung
Abraham terang yén
manéhna kudu nurut
ka Gusti.





"EUREUN!"
Malaikat
GUSTI

ngagorowok.

"Ayeuna Kami
tos terang yén
manéh sieun ka
Gusti. Anjeun
geus teu
nyepeng putra
anjeun,
putra
hiji-hijina,
ti Kami."



Ningali domba jalu dina rungkun,
Abraham muka tali Isak sareng
ngurbankeun domba jalu.
Panginten Isak mikir,
"Gusti nyayogikeun,
sakumaha saur bapa."



Bari bapa jeung anak ngabakti, Malaikat GUSTI ngandika ka Abraham. "Dina murangkalih anjeun, sakumna bangsa bakal diberkahan sabab anjeun nurut." Dina hiji poé, Yésus bakal dilahirkeun ngaliwatan turunan Abraham.



Abraham jeung Isak wangsul ka bumina. Dina waktos éta, maranéhanana ngarasa sedih. Sarah tos pupus. Abraham leungiteun pamajikan, kukituna Isak leungiteun indungna.



Saparantos ti pamakaman, Abraham ngutus kapala badegana pikeun milarian pamajikan kanggo Isak. Badegana eta indit ka kampung halaman anu mimiti pikeun manggihan pamajikan di antara baraya Abraham.



Badegana ménta tanda ka Gusti. "Sing saha awéwé anu ngahaturkeun cai pikeun onta kuring, eta anu pantés jadi pamajikan Isak." Geuwat Rabéka maturan méré cai. Rebéka téh salah saurang baraya Abraham. Badega éta terang yén Gusti parantos ngawaler doana.



Rabéka ninggalkeun kulawargana pikeun nikah ka Isak. Manéhna ngalilipur Isak sanggeus indungna maot. Isak nyaah pisan ka Rabéka!



Gusti Nguji Kaasihna Abraham


Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Kajadian 22 - 24

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu
masihan Caang." Psalm 119:130






Rengse



5



60



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

